ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№218-219 (23.377) ● 2016 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 12, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Власть зэIухар власть лъэщщ

### КIуэкIуэ Ю. А. Урысейм и Президентым и чэнджэщэгъу, УФ-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ и советым и унафэщI Федотов М. А. IущIащ

**КIуэкIуэ Ю. А. Урысей Федерацэм и Президентым и чэнджэщэгъу, УФ-м и Президентым и деж Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ щыIэ советым и тхьэмадэ Федотов М. А. КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыIущIащ.**



АХЭР тепсэлъыхьащ цIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэ къызэгъэпэщыным, граждан жылагъуэмрэ къэрал IуэхущIапIэхэмрэ зэрызэдэлажьэр егъэфIэкIуэным теухуа Iуэхухэм. «Власть зэIухар власть лъэщу зэрыщытырщ дэ Iуэхур зытетщIыхьыр, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий. - А еплъыкIэрщ дэ къатщтэ унафэхэм лъабжьэ яхуэхъур».

Федотов Михаил Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрыщыхъуам тепсэлъыхьащ, жылагъуэхэм я зэIузэпэщыгъэр къыхигъэщащ. «Гу лъыботэ республикэр сыт и лъэныкъуэкIи зэщIэкъуауэ зэрыщытым», - жиIащ УФ-м и Президентым и чэнджэщэгъум.

Федотовыр республикэм зэрыщыIа махуитIым къриубыдэу хэтащ политикэ залымыгъэ зрахахэм я фэеплъу къызэрагъэпэща «Щыгъуэм и блын» гъэлъэгъуэныгъэм, УФ-м и Президентым и деж Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ щыIэ советым Тхыдэ фэеплъхэмкIэ зэпымыуүэ лажьэ и комиссэм и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

● ЗэIущIэхэр



## ЦIыхум и хуитыныгъэр хъумэным топсэлъыхь

**УФ-м и Президентым и чэнджэщэгъу, УФ-м и Президентым деж Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цIыхум и хуитыныгъэмкIэ щыIэ советым и унафэщI Федотов Михаил Налшык къалэ щригъэкIуэкIащ Тхыдэ фэеплъымкIэ комиссэм и зэIущIэ.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым Федотовым жиIащ политикэ залымыгъэм ихьахэм я фэеплъыр хъумэнымкIэ къэралым щащIапхъэр убзыхуныр зи пщэ дэлъар а комиссэрауэ зэрыщытыр. А Iуэхухэр гъэзэщIа хъуныр зи нэIэ щIэтыр IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт лэжьакIуэ гупырщ.

ЦIыхум и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис жиIащ «Щыгъуэм и блыныр» къыщызэIуахым зыгъэпIейтея гупсысэхэр зыхуэдэр: япэр ди къэралым апхуэдэ Iуэху жагъуэ къызэрыщыхъуар игу къызэреуэрщ; етIуанэр - фэеплъым и бэракъыр лъагэу зыIэтыф жэрдэмщIакIуэхэр зэрыщыIэм зэрыщыгуфIыкIарщ. Абы къыхигъэщащ и лэжьэгъухэмрэ езымрэ я зы махуэ улахуэр «Щыгъуэм и блын» фэеплъыр ухуэным зэрыхалъхьар.

- Политикэм и залымыгъэр къыжьэхэуат Къэбэрдей-Балъкъэрми, республикэм ис куэд хэкум зэрырагъэкIам къыхэкIыу, а Iуэхур дэ псэкIэ зыхыдощIэ. «Фэеплъым и тхылъым» и япэ томыр къыдэкIащ, етIуанэ томри ягъэхьэзыр, - жиIащ Зумакуловым.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм къыхагъэщащ а Iуэхум теухуауэ ялэжьхэмрэ зыIууэ лъэпощхьэпохэмрэ.

ЖаIа псори къыщызэщIикъуэжым Федотовым къыхигъэщащ купщIафIэу зэрызэпсэлъар, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхум и Iуэху еплъыкIэм пщIэ зэрыщиIэм щыхьэт зэрытехъуэр. Политикэ залымыгъэр зышэча лъэпкъхэмрэ цIыхухэмрэ я фэеплъыр хъумэн зэрыхуейр къызыгурыIуэ, абы иужь ит жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэрыщыIэр зэригуапэр жиIащ абы. КъулыкъущIэм къызэрилъытэмкIэ, залымыгъэм пхырыкIахэм ират ахъшэр УФ-м и щIыналъэ псоми щызэхуэдэу щытыпхъэщ, ауэ зэкIэ апхуэдэ мурадыр къайхъулIэркъым.

- Дызэчэнджэщащи, иджы дызэрызэдэлэжьэну щIыкIэр дубзыхуми хъунущ, - жиIащ Федотовым. Абы къызэрилъытэмкIэ, мы Iуэхум текIуадэ ахъшэр зыIэрагъэхьэн папщIэ грант къэпхьыну ухущIэкъу, псапащIэ фондхэр къэбгъэсэбэп хъунущ. ИкIи дыщIигъуащ политикэ залымыгъэм ихьахэм я фэеплъыр хъумэныр, псалъэм папщIэ, «Фэеплъ тхылъыр» къыдэгъэкIыныр, унафэщIхэм зэрыдаIыгъынур, ар къэрал политикэм и Iыхьэу зэрыщытыр.

**ХУЖЬ Наталье.**



## КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIыр президент кадр резервым хагъэхьэ

**Кремлым и сайтым къызэритымкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий УФ-м и Президентым и нэIэм щIэт управленческэ кадрхэм я резервым хагъэхьащ.**

ПУТИН Владимир арэзы зытехъуа, къагъэщIэрэщIэжа управленческэ кадрхэм унафэщI къулыкъухэмкIэ лэжьыгъэ и пIалъэ ящIэу, IэщIагъэлI нэсхэу цIыхуи 135-рэ хэтщ. Абыхэм языныкъуэхэр мы гъэм къриубыдэу къулыкъукIэ дэкIуеящ, федеральнэ IуэхущIапIэхэм IэнатIэ щызыгъуэтахэри яхэтщ.

Мыбы ипэкIэ щыIа президент резервым хэтахэм ящыщ куэд ФедерацэмкIэ Советым, Къэрал Думэм хагъэхьащ, федеральнэ министрхэм я къуэдзэ къулыкъухэр къратащ.

Мусуков Алий КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI къулыкъум 2014 гъэм и жэпуэгъуэ мазэ лъандэрэ пэрытщ. Президент кадр резервым щыхагъэхьэм къалъытащ къэрал къулыкъу зехьэным теухуауэ иIэ зэфIэкIыр, къапщтэмэ, ар илъэси 10-кIэ лэжьащ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министру.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

● Гу зылъытапхъэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий эфирым зыщыхуэвгъэзэнумэ

**РЕСПУБЛИКЭМ И УНАФЭЩIЫР ЩЭКIУЭГЪУЭМ И 18-м СЫХЬЭТ 17.00-м «УРЫСЕЙ-1» (КъБР) КАНАЛЫМ ЗАНЩIЭУ ЭФИРЫМ КIУЭУЭ КЪЫЩЫПСЭЛЪЭНУЩ**

Фи упщIэхэр тхауэ е видеокамерэкIэ техауэ **Press-glava@kbr.ru** электрон адресымкIэ евгъэхь е **8(8662) 40-76-19**, **8(8662) 40-43-07** телефонхэмкIэ сыхьэти 9-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 18 пщIондэ фыпсалъэу яжефIэ хъунущ.

## ПщIэрэ щIыхьрэ зыхуэфащэ, тхыдэшхуэ зиIэ IэнатIэ

**ЩэкIуэгъуэм и 10-м Налшык щагъэлъэпIащ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэм и махуэр. Абы теухуа пшыхьым Къэрал музыкэ театрым щызэхуишэсат зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэр, хьэщIэхэр, IэнатIэм и ветеранхэр, зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьакIуэхэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.**



Министр Ромашкин Игорь.

ПШЫХЬЫР «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым къызэIуихащ. Абы къыкIэлъыкIуэу ягъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым милицэм и IуэхущIапIэхэр зэрыщызэтеувам и тхыдэм теухуа фильм кIэщI.

- Ди жылагъуэм полицэ фащэ зыщыгъ цIыхур къелъытэ хабзэм, властым, захуагъэм я нэщэнэу. Апхуэхэдэхэрщ цIыхухэм я гъащIэр, шынагъуэншагъэр, къэралым и сэбэп зыхэлъхэр зыхъумэр, щIэпхъаджащIэхэм япэщIэтыр. ЦIыхухэм къыдагъэза дзыхьыр зэрытхуэгъэпэжынур абыхэм яхуэтщI гулъытэмрэ ди Iуэхум жэуаплыныгъэ тхэлъу дызэрыбгъэдэтымрэщ. Нобэ фIэщхъуныгъэ ин тхэлъу жытIэфынущ ди лэжьакIуэхэм я нэхъыбэм я пщэм дэлъ къалэнхэр хьэлэлу зэрагъэзащIэр. Мы гъэм полицейхэм сэтей къащIащ щIэпхъаджагъэ мини 4-м щIигъу. Къарузехьэ, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм ящIыгъуу ахэр хэтащ террорым епха щIэпхъаджагъэ къэмыгъэхъуным: а Iуэхухэр щекIуэкIым 5 яукIащ, абыхэм я щIэгъэкъуэну 50-м щIигъу яубыдащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэри хэщIыныгъэ диIэщ: мы гъэм ди лэжьэгъуу 5 хэкIуэдащ, тIур яукIащ щIэпхъаджащIэхэм. Ди лэжьэгъу хэкIуэдахэр сыт щыгъуи ди гум илъынущ, зэи тщыгъупщэнукъым, - къыхигъэщащ КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр, полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь. Абы фIыщIэ тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр, медалхэр яритащ къалэным хуэпэж я лэжьакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*




*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Юбилей

## Илъэси 175-рэ хъу гъуэгуанэ

**Урысейм и император Николай Езанэм 1841 гъэм щэкIуэгъуэм и 12-м Iэ щIидзащ Урысейм хъумапIэ кассэхэр къыщызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ указым. ИкIи а махуэр ХъумапIэ банкым и щIэдзапIэу къалъытэ.**



Урысбий Хьэмидбий

**Дэтхэнэри лэжьакIуэ тIощI нэхъ мыхъуу, Мэзкуурэ Санкт-Петербургрэ япэу къыщызэIуаха а хъумапIэ кассэ цIыкIуитIыр тхыдэ хабзэмкIэ ХъумапIэ банкым и тхыдэм и къежьапIэщ.**

**Абыхэм я къудамэхэм къэралым и щIыпIэ псоми зыщаубгъуат. Уеблэмэ, щытыкIэ гугъум щита зэманым Урысейм и экономикэр зэпIэзэрыту зэтеIыгъэнымкIэ сэбэп хъуащ. ИужькIэ, совет лъэхъэнэм ахэр Къэрал хъумапIэ кассэу зэрахъуэкIащ. Мы зэманым къэрал тIощIым щIигъум зи дамыгъэ хэха (бренд) щызиIэж, Iуэхутхьэбзэ куэдым хуэщIа банкщ, дунейпсо зэфIэкI зыбгъэдэлъ гупщ.**

**Урысейм и IуэхущIапIэрэ и цIыхуу мелуани 120-м щIигъум, хамэ къэралхэм щыщу мелуан 13-м ХъумапIэ банкыр нобэ ядолажьэ. GlobalFinance журналым и пщалъэмкIэ Европэ Курытымрэ КъуэкIыпIэ Европэмрэ «ЩIыпIэ куэд зэщIэзыгъэхьэ банкинг нэхъыфI» саугъэтыр мы гъэм банкым къыхуагъэфэщащ.**

**Я юбилейм ирихьэлIэу я IуэхущIафэм тригъэпсэлъыхьыну ди корреспондентым зыхуигъэзащ Урысейм и ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.**

- Къыхэзгъэщыну сыхуейт ди IуэхущIапIэр мы махуэм хуэфащэу зэрыIущIэр. УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэ псомкIи зэпIэзэрыту зыдоужь. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ центрхэмрэ нэхъ жылагъуэшхуэхэмрэ хэщIапIэ 57-рэ щыдиIэщ. Республикэм щыщу зи мылъку хэзылъхьэ цIыхухэм я процент 72-м щIигъур ди банкым хуозэ. Илъэситхум къриубыдэу абыхэм я ахъшэ гъэтIылъыгъэм хуэдитIкIэ хэхъуащ икIи сом мелард 22,2-м фIэкIащ. Счёт мелуаным щIигъу цIыхухэм ди къудамэм къыщызэIуахащ. Пенсионер мин 91-м я пенсэхэр ди Банкым и хэщIапIэхэм къыщыIах. Къудамэм и мылъкум и зэхуэдитIым щIигъур абыхэм зэкIэлъагъакIуэ.

ХъумапIэ банкым и щIыналъэ хэщIапIэр розницэ кредитымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпашэщ, абы и процент 50-м нэблагъэр зэрегъакIуэ. 2011 гъэ лъандэрэ зыхуэпIащIэ ссудэу цIыхухэм къащтэм хуэдитIым щIигъукIэ хэхъуащ икIи сом мелард 12,7-м нэсащ.

ХъумапIэ банкыр Iуэхугъуэ куэдым хузэIухащ. Хэхъуэшхуэ зиIэ предприятэхэм къадэкIуэу, экономикэм и IэнатIэ псоми зэхуэдэу ядолажьэ, зыужьыныгъэм хуэгъэпса, щIэупщIэ зиIэ проектхэм гулъытэ хуещI. Къапщтэмэ, республикэм и экономикэм и IэнатIэхэм сом мелард 16,5-рэ хилъхьащ.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

## ЩIымахуэм хуэхьэзырщ

**ЩIымахуэр икIыху ди жылагъуэхэм электрокъарур зэпымыууэ яIэрыгъэхьэным теухуауэ лэжьэнущ гуп 23-рэ.**

- ТРАНСФОРМАТОРХЭР, ток кIапсэхэр, пкъохэр къызыхуэтыншэу бжьыхьэм зэрытехьам къищынэмыщIауэ, уэсым къишэнкIэ хъуну зэраныгъэхэми дахуэмыхьэзыру хъунукъым. Абы папщIэ дэ диIэщ дызыхуеину техникэ. Гуп къэс яхэтщ электрокъару хуэIухуэщIэхэм фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэр. Ахэр жэщ-махуэ ямыIэу плъырынущ, ныкъусаныгъэ къэхъухэри икIэщIыпIэкIэ ягъэтэмэмыжынущ, - къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэ МРСК-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Гъубжокъуэ Юрий.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Май щIыналъэ

## Iуэхум хэпщIыкIмэ...

**Май щIыналъэм Iэщ гъэхъуныр щофIакIуэ. УзыщыгуфIыкIынщ мы Iуэхум щIалэгъуалэ нэхъыбэ дихьэх зэрыхъуар.**

АБЫХЭМ ящыщ зыщ Александровскэ жылагъуэм фермер хозяйствэ къыщызэзыгъэпэща Тубэч Аслъэни.

«Мы Iуэхум куэд щIауэ сегупсысырт, Iэщ гъэхъуным сызэрысабийрэ сыщыгъуазэщи», - жеIэ абы. Тубэчым и хъуэпсапIэр къехъулIэнымкIэ сэбэп къыхуэхъуащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм къыщихьа грантыр - сом мин 770-р. А ахъшэмкIэ бэкхъ иухуащ, лыкIэ узыщыгугъ хъуну Iэщышхуэу 11 къищэхуащ. Аслъэн нэхъ зытригъэщIа «Герефорд» америкэн жэм лъэпкъыфIым и хьэлъагъыр зы илъэсрэ мазитI-щым къриубыдэу килограмм 360-380-м нос, зэрыгурыIуэгъуэщи, зыхуей хуэзэу бгъашхэмэ. Аслъэн зэрыжиIэмкIэ, Iэщыр Iус къабзэкIэ егъашхэ. Абы къыхэкIыу узыфэхэми нэхъ щыхъума мэхъу, лыми щIэупщIэ иIэщ. Тубэчым шэч къытрихьэркъым дэзыхьэх Iуэхум адэкIи зэрызригъэужьынум.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

■ Iуэху еплъыкIэ ■ ХъыбарыщIэхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ-радио нэтынхэр ■ Малъхъэдис

● Къулыкъуэхэр

## Джаппуев Руслан хахыж

**Тырныауз къалэм и щIыпIэ самоуправленэм и советым и етIуанэ сессием къищта унафэмрэ зэпеуэм кърикIуахэмрэ тещIыхьауэ, Тырныауз къалэм и администрацэм и Iэтащхьэу Джаппуев Руслан ягъэувыжащ. 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м къыщыщIэдзауэ къалэм и щIыпIэ самоуправленэм и советым и зи чэзу хэхыгъуэр екIуэкIыху лэжьэну зэраухылIэри.**



ДЖАППУЕВ Руслан Чэмал и къуэр 1971 гъэм щэкIуэгъуэм и 18-м КъБАССР-м хыхьэ Тырныауз къалэм къыщалъхуащ. Кавказ Ищхъэрэ бгы-металлургие институтыр, Къэрал къулыкъущIэхэр щагъэхьэзыру Дон Iуфэ Iус Ростов къалэм дэт Кавказ Ищхъэрэ академиер къиухащ. 2002 гъэм Урысейм и межрайоннэ ИФНС №5-м и къудамэу КъБР-м щыIэм къэрал налог инспектор нэхъыщхьэу ягъэуващ, 2004 гъэм и жэпуэгъуэм Урысейм и межрайоннэ ИФНС №5-м и къудамэу КъБР-м щыIэм IуэхущIапIэхэм тралъхьэ налогыр зыубзыху къудамэм и унафэщIу хахащ. 2006 гъэм Тырныауз къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу лэжьэн щIидзащ.

2012 гъэм шыщхьэуIум и 21-м щIыпIэ самоуправленэм и советым къищта унафэм ипкъ иткIэ, Тырныауз къалэ администрацэм и Iэтащхьэу ягъэуващ. 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м Тырныауз къалэм и щIыпIэ самоуправленэм и советым и етIуанэ сессием и унафэкIэ Тырныауз къалэм и администрацэм и Iэтащхьэу хахыжащ.

**ТАРИМ Алисэ.**

# Илъэси 175-рэ хъу гъуэгуанэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Псори зэхэту республикэм мылъкуу щызэщIагъэуIуэр сом мелард 25-м нэблагъэмэ, банкым Iуэхум хилъхьэр сом мелард 30-м зэрыщIигъуар къыхэгъэщыпхъэщ. Къэрал властым и органхэм, бизнес мащIэм я щIэгъэкъуэн Iуэхущ IапIэхэм пыщIэныгъэфI яхудиIэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ШэсыпIэ фондыр тщIыгъуу, зыхуэфащэ тхылъкIэ къыхалъхьа проектхэр щIыхуэкIэ къызыдогъэпэщ. Апхуэдэу хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIухэмрэ курытхэмрэ зегъэужьынымкIэ Федеральнэ корпорацэм дэлажьэ банкхэм я деж ди къудамэм бжьыпэр щиIыгъщ. Корпорацэр я щыхьэту республикэм щыIэ банкхэм щIыхуэу ята псоми шэсыпIэ яхуэхъуар ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэрщ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ, Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэхэм жыджэру дадолажьэ. Псалъэм папщIэ, къащтэ щIыхуэм щхьэщатыкIын хуейм щыщ Iыхьэ ящхьэщыдох. КъищынэмыщIауэ, Налшык, Прохладнэ, Бахъсэн къалэхэм я бизнес-инкубатор къэрал IуэхущIапIэхэм лэжьыгъэшхуэ щыдогъэкIуэкI. Къапщтэмэ, банкым и мылъку зехьэкIэмрэ и Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэмрэ абыхэм хэIущIыIу щыдощI. «Урысей зэкъуэт» партымрэ «Iуэху зезыхьэ Урысей» ООО-мрэ я зэIущIэхэм ди лIыкIуэхэр хэтщ, «Урысейм и щIэгъэкъуэн» жылагъуэ организацэр тщIыгъуу мы гъэм зэIущIитху едгъэкIуэкIащ.

IуэхущIапIэ мыинхэмрэ хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIухэмрэ щIыхуэ яхухэхыныр ди къудамэм и кредит политикэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. IэнатIэрэ щхьэзакъуэрылажьэ хьэрычэтыщIэу 201-м сом мелуан 368-рэ мы гъэм щIыхуэу еттащ. Урысейм и ХъумапIэ банкым щагъэзащIэ «Экспресс-ипотека», «Экспресс под залог» кредит IэмалыщIэхэр пхыгъэкIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр пашэщ. ЩIыпIэ пхыдзахэр хъарзынэу зэщIэдгъэхьащ. Абы и фIыгъэкIэ, ди Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я процент 90-м щIигъум иджы зэпэщIэхауэ дадолажьэ. Республикэм и бизнес зэгухьэныгъэм и деж апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэм щIэупщIэшхуэ щаIэщ.

Банкыр я щIэгъэкъуэну, къэралым щыяпэ инвестицэ проектышхуэ зыбжанэ республикэм щагъэзэщIащ. Апхуэдэщ Бахъсэн щIыналъэм щаухуа теплицэр, Прохладнэ къалэм къыщызэIуаха агрологистикэ центрыр, псынщIэу зызыужь жыг хадэхэр.

Пластик картэкIэ улахуэр щат предприятэхэмрэ организацэхэмрэ фейдэ пылъу дадолажьэ. ЗэгурыIуэныгъэ миным щIигъу абыхэм яхудиIэщ. А щIыкIэм тету, республикэм и цIыху минищэм щIигъум ди банкым и IуэхущIапIэхэм улахуэр къыщыIах. Iуэхутхьэбзэхэр щызэфIагъэкIыж Iэмэпсымэу 365-рэ диIэщ. Абыхэм ящыщу 167-р жэщи махуи зэпымыууэ мэлажьэ. Ди къудамэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ купщIафIэу зэрызэдэлажьэм и фIыгъэкIэ, студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ етIанэгъэ кампус картэ къыхудагъэкIын папщIэ, республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэр Урысейм и ХъумапIэ банкым и проектым хагъэхьащ. Къалэн куэдым хуэгъэпса кампус картэм студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ университетым и Iэшэлъашэм идентификацэ щыхуэщIынущ, еджапIэ нэхъыщхьэм и Iуэхутхьэбзэхэр бжыгъэ IэмалкIэ хузэфIэхынущ, апхуэдэу абыхэм хуэзэ пщIэр хуэтынущ.

Банк Iуэхутхьэбзэхэр иригъэфIэкIуэн, цIыхухэм тыншыпIэ къахузэригъэпэщын мурадкIэ, ХъумапIэ банкыр штрих-код технологием хуэкIуащ. Ар къэзыгъэсэбэпым пщIэхэр зэрат тхылъым и штрих-кодыр Iуэхутхьэбзэхэр щызэфIагъэкIыж Iэмэпсымэм ирихьэлIэн хуейуэ аращ. Абы щыуагъэ IэщIэкIыркъым, ахъшэр псынщIэу зэпебж, зэманышхуэ къахудегъахуэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ налог платёжхэр халъхьэну, ГИБДД-м щыхуатх къуэдыхэр, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр ятыну хуитщ.

Республикэм щыпсэу куэдым псэупIэ яухуэну е къащэхуну Iэмал зэрамыIэм къыхэкIыу, апхуэдэхэм ипотекэ щIыхуэу яхухэтхым хыдогъахъуэ. Абы и лъэныкъуэкIэ и дарэгъу ухуакIуэ компаниерэ ямыгъэIэпхъуэ мылъкумкIэ агентствэу щэм щIигъум банкыр ядолажьэ. Къыхэтлъхьа жэрдэмыр къагъэсэбэпу, «Партнер Онлайн», «Личный кабинет заёмщика» IэмалхэмкIэ ипотекэм и заявкэхэр къат хъунущ. Ипотекэ кредит къэзыщтэм мылъкумкIэ иIэ хуитыныгъэр электрон Iэмалым зэрыхуигъакIуэ и тхылъхэр, банкым и хэщIапIэм щIэмыкIыу, Урысей реестрым игъэхь хъунущ. ХъумапIэ банкымрэ Урысей реестрымрэ зэгъусэу ягъэхьэзыра а проектым хуэдэ дуней псом щыIэкъым. Къызэрыхэтлъхьэрэ, а Iуэхутхьэбзэм и ефIэкIыныгъэр цIыху 50-м щIигъум ягъэунэхуащ.

ПсэупIэ сертификатхэм я нэхъыбэм щIыхуэ зэрыхухах, ахэр учёт зэращI льготэ программэхэр дэзыIыгъ федеральнэ, муниципальнэ къэрал щIыналъэхэмрэ организацэхэмрэ ХъумапIэ банкыр ядолажьэ. Къэрал псэупIэ сертификатхэмрэ «ПсэупIэ» программэм и сертификатхэмрэ хуэзэр пэщIэдзэ взносу банкым Iех, апхуэдэу анэ мылъкури абыхэм япигъэкIуэну хуитщ. «Анэ мылъкум и сертификат зиIэ цIыхухэм хухах ипотекэ кредитхэм щхьэщатыкIыпхъэхэм щыщ Iыхьэ зэрыхуатым и IуэхукIэ» программэр, КъБР-м и Правительствэм щIыгъуу, ХъумапIэ банкым и къудамэм егъэзащIэ. А программэр къызэрыхалъхьэ лъандэрэ республикэм щыщ унагъуэ 300-м щIигъум я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуащ, льготэкIэ щIыхуэ къыIахащ. Нобэ ирихьэлIэу цIыху мини 4-м щIигъум ХъумапIэ банкым и ипотекэ программэхэр къагъэсэбэпащ, ипотекэ кредиту сом меларди 4,9-рэ къащтащ.

ХъумапIэ банкым и тхыдэм иужьрей илъэсхэм увыпIэ щхьэхуэ щаубыд. Абы технологие пэрытхэр къегъэсэбэп, банк IэнатIэм щIэуэ къыхыхьэхэр къищтэм и мызакъуэу, цIыхухэм зэрадэлажьэ щIыкIэр автоматизацэ зэращI проект гъуэзэджэхэм я жэрдэмыщIщ, инновацэ технологиехэм я пхыгъэкIакIуэщ.

Мы зэманым инновацэ проект зыбжанэ ехъулIэныгъэкIэ егъэзащIэ. Апхуэдэщ «Ладошки», «Кошелёк», «Эвотор» жыхуиIэхэр. КъищынэмыщIауэ, зэпэIэщIэу Apple Pay IэмалымкIэ ахъшэр зэрызэIэпах Iэмалым ХъумапIэ банкыр хуэкIуащ. Нобэ терминал 1125-рэ къыдогъэсэбэп. Абыхэм ящыщу 400-р Iуэхутхьэбзэхэр зэпэIэщIэу зэрыхуащIэ технологиещIэм хуэгъэпсащ.

Мы махуэхэм ХъумапIэ банкым къыдигъэкIыу щIидзащ уасэхэр зэрат «Мир» Лъэпкъ Iэмэпсымэм и банк картэхэр. Апхуэдэ картэкIэ Урысейм и сату-сервис предприятэ куэдым хьэпшыпхэм, Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр, ЖКХ-м, связым я Iуэхутхьэбзэхэм пэкIуэр, налогхэр, къуэдыхэр щат, банк картэхэм ахъшэ ягъакIуэ хъунущ. ХъумапIэ банкым и «Мир» картэр зиIэм «ХъумапIэ банк Онлайн» интернет-банкыр, «ЩIыпIэ жыжьэхэр зэщIэзыгъэхьэ банк» СМС-сервисыр, апхуэдэу ХъумапIэ банкым Iуэхутхьэбзэхэр щызэфIагъэкIыж и Iэмэпсымэхэр къыхуэгъэсэбэпынущ, ди дарэгъу тыкуэнхэм нэхъ пуду щыщэхуэфынущ. ТехнологиещIэхэм ди нэхъыжьыфIхэм яхуэтщIэ Iуэхутхьэбзэхэр ирагъэфIакIуэ. Къапщтэмэ, фокIадэ кIуам щегъэжьауэ пенсионерхэмрэ льготэ зиIэхэмрэ хуитщ я пенсэхэр зыхуэдэм, ахэр зэрыхъум, нэгъуэщI ахъшэу ятым теухуа справкэхэр ХъумапIэ банкым къыIахыну, я счётым иралъхьэр зэрыхъур зрагъэщIэну.

КъищынэмыщIауэ, банкым и лэжьыгъэмрэ и Iуэхутхьэбзэхэмрэ егъэфIэкIуэным гулъытэ хэха худощI. Псалъэм папщIэ, потребительскэ кредитым пыщIа Iуэхутхьэбзэхэм жэрдэмыщIэ халъхьащ: жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ ХъумапIэ банкым къегъэсэбэп «ЩIыхуэхэм мылъку зэрыхухах потребительскэ кредит» Iэмал ирагъэфIэкIуар. Зэрыщытам елъытауэ, заявкэр зэрат, тхылъыр зэрагъэхьэзыр щIыкIэр абы нэхъ къызэрыгуэкI ищIащ, унафэ къызэращтэ пIалъэр игъэмэщIащ. Кредитыр зэрытыжыгъуафIэм ар къэзыщтэхэр трегъэгушхуэ.

Экономикэм щIэх-щIэхыурэ къыщыхъу зэIумыбзыныгъэхэм ди щIыхуэ зытелъхэр гугъу щригъэхь щыIэщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт пэжу къыддэлажьэхэм апхуэдэхэм деж зэрызыщIэдгъэкъуэну Iэмал дызэриIэр.

Илъэси 175-рэ щрикъум ирихьэлIэу ХъумапIэ банкым цIыхухэм яхуегъэлъагъуэ «Нэхъ лъапIэ дыдэр» жыхуиIэ IуэхущIэр. ЩхьэщатыкIыпхъэр зэрымащIэм къыдэкIуэу, банкым дэлажьэхэр хуитщ «Защищённый вкладчик» страхованэ программэм пщIэншэу зыпащIэу, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм деж зыхуеижынкIэ хъуну сом минищэ страховкэу къыIахыну.

ХъумапIэ банкым финансхэр зэрахъумэ программэщIэхэр игъэхьэзыращ. Къыддэлажьэхэм Iэмал яIэщ ахэр къагъэсэбэпурэ, я мылъкур страхованэ ящIыну. Апхуэдэщ банк картэхэм щаIыгъ ахъшэр, ягъэIэпхъуэ, ямыгъэIэпхъуэ мылъкур, цIыхум и гъащIэмрэ и узыншагъэмрэ хъумэныр, щIыхуэ телъу и IэнатIэр фIэкIуэдыныр, нэгъуэщIхэри.

«Сабий егъэджэныгъэ план» страховой программэр гъэщIэгъуэну къызолъытэ. Абы Iэмал къарет ныбжьыщIэр еджапIэ ищхьэм щыщIэтIысхьэнум ирихьэлIэу зыхуеину ахъшэр зэхуахьэсыну. ХъумапIэ банкым и хэщIапIэ псоми хуэдэу, зыхуэфащэ IэщIагъэлIхэр къыхэхыным ди къудамэми щогугъ. ЩыIэ пщалъэхэм я фIыгъэкIэ, лэжьыгъэм хэзыщIыкI, щIэныгъэ куу зиIэ, зи IэщIагъэм хуэIэижь, IэнатIэм пэлъэщынухэр къыдощтэ. Мыбдежым мыхьэнэшхуэ иIэщ я къулыкъукIэ кIуэтэн папщIэ, абыхэм хуэфащэ щытыкIэ къахузэгъэпэщыным. Къыхэгъэщыпхъэщ абы и лъэныкъуэкIэ езыхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIым куэд зэрелъытар.

Банк Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэныр ди къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр хэхауэ къыхэзгъэщынут. Дызэрыт щэкIуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ цIыхухэм дяпэкIэ дазэрыдэлэжьэну IэмалыщIэр ди хэщIапIэхэм щызэтраублэ. Ар банкымрэ къытхуэкIуэхэмрэ зэхуаIэну зэхущытыкIэщIэхэрщ. ЦIыхум къыхихынур зыхуей Iуэхутхьэбзэрщ.

Си псалъэм и кIэухыу Iуэхутхьэбзэ зыхуэтщIэхэми, ди дарэгъухэми фIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейт ди банкым зэрыхуэпэжым, я дзыхь зэрырагъэзым, ди сэбэп хэлъу куэд щIауэ купщIафIэу дызэрызэдэлажьэм папщIэ. ИкIи Урысейм и ХъумапIэ банкым и лэжьакIуэ псоми ди махуэ лъапIэмкIэ сохъуэхъу. Бжьыпэр тIыгъыу, зэпIэзэрыту ипэкIэ дызышэр абыхэм я зэфIэкIырщ, къыхаха Iуэхум зэрыхуэпэжырщ, тегушхуауэ, Iэзагъышхуэ къагъэлъагъуэу я IэнатIэм зэрыпэрытырщ.

Узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыныгъэ яIэну, ехъулIэныгъэщIэхэр къахьыну си гуапэщ.





# ПщIэрэ щIыхьрэ зыхуэфащэ, тхыдэшхуэ зиIэ IэнатIэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм республикэм и унафэщIхэм къабгъэдэкIыу ехъуэхъуащ КъБР-м Экономикэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и унафэщI Емкъуж Алик. Абы къыхигъэщащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэр хабзэр, республикэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр хъумэным зэрыхуэлажьэр. Емкъужым фIыщIэ тхылъ иритащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министрым и къуэдзэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Залиханов Къанщобий, зи къалэным хуэпэж хабзэхъумэ зыбжанэм.

Республикэм хабзэр къыщызэгъэпэщыным зэкъуэту зэрыщызэдэлажьэм папщIэ Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ иратащ министр Ромашкин Игорь, нэгъуэщI лэжьакIуэхэми.

Зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм ехъуэхъуахэм щхьэхуэу фIыщIэ хуащIащ ветеранхэм, МВД-м и лэжьакIуэ зи щIалэгъуэхэм я зэманым емыблэжу зэрадэIэпыкъум, абыхэм я дежкIэ щапхъэу зэрыщытым папщIэ.

Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьакIуэхэм я фэеплъу дакъикъэкIэ щымащ къызэхуэсахэр.

Пшыхьым адэкIэ пащащ ди уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ цIэрыIуэхэм.

**УАРДЭ Жансурэт**.



*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Бысымхэр нэхъ лъэщт

• Баскетбол



**Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэм и махуэм теухуа баскетбол зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ Налшык къалэ дэт «Кристалл» спорт комплексым. ЩIэуэ къызэрагъэпэщыжа пэшым щызэхуэсат ЕсэнтIыгу, Владикавказ, Ардон, Мэздэгу, Налшык къалэхэм я баскетболист ныбжьыщIэхэу 100-м нэблагъэ. Ахэр спортым хыхьагъащIэ спортсменхэрщ икIи мы зэпеуэр куэдым я дежкIэ япэщ.**

ЩIАЛЭХЭМРЭ (2004 - 2005 гъэхэм къалъхуахэм) пщащэхэмрэ (2005 - 2006 гъэхэм къалъхуахэм) я командэхэр зыхэта зэпеуэр къызэрагъэпэщащ «Динамо» урысейпсо физкультурэ-спорт обществэ» жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэмрэ Налшык къалэ дэт сабий-ныбжьыщIэ спорт школ №2-мрэ.

- ЗэрыхъукIэ, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм дызэрыхэтыным дыхущIокъу, ар ди гъэсэнхэм я дежкIэ щхьэпэщи. Зэхьэзэхуэхэм ухэмыту зыбужьынукъым, - жеIэ Владикавказ къалэм баскетболымкIэ и тренер нэхъыщхьэ Микоэльян Александр.

Зэхьэзэхуэм хэтахэр гуп плIырыплI, псори зэхэту команди 8 хъурт. Махуищ кIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм бжьыпэр щаубыдащ налшыкдэсхэм.

- Ди щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ а текIуэныгъэхэр тыншу къаIэрыхьакъым. ЩIалэ цIыкIухэр ерыщу ядэджэгуащ Владикавказ, Мэздэгу къикIахэм. Пщащэхэм я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэт ЕсэнтIыгу къикIахэр, - жиIащ ДЮСШ №2-м и унафэщI Тхьэкъуахъуэ Анатолий.

ЩIалэ цIыкIухэм я зэпеуэм етIуанэ щыхъуащ Мэздэгу и командэр. ЕсэнтIыгу и баскетболистхэм ещанэ увыпIэр къахьащ, а къалэм къикIа пщащэхэм етIуанэ увыпIэр зыIэрагъэхьащ, Владикавказ къикIахэр ещанэ хъуащ.

ТекIуахэм щIыхь тхылъхэр, медалхэмрэ кубокхэмрэ иратащ. Зэхьэзэхуэм кърикIуахэмкIэ командэ къэс къыхахащ нэхъыфIу джэгуар, - къет «Динамо» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и пресс-IуэхущIапIэм.

**БАХЪСЭН Азэмэт**.

• Урысейпсо акцэ

# «Ажалыр щащэр къыджеIэ!»

**Щэкiуэгъуэм и 14-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щыщIидзэнущ «Ажалыр щащэр къыджеIэ!» наркотикхэм япэщIэтынымкIэ урысейпсо акцэм.**

ХАБЗЭ хъуауэ къызэрагъэпэщ а Iуэхугъуэр щэкIуэгъуэм и 25 пщIондэ екIуэкIынущ. И мурадыр хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зезыгъакIуэхэм япэщIэтыным теухуа лэжьыгъэм жылагъуэр зыубгъуауэ хэшэнырщ. Махуэ пщыкIузым къриубыдэу акцэм хэтыну министерствэ, IуэхущIапIэ псоми дзыхь зыхуащI я телефонхэмкIэ наркоманиер профилактикэ зэрыщIыпхъэм, щхъухьым иубыдахэм зэреIэзапхъэм теухуауэ цIыхухэм я упщIэхэмрэ къыхалъхьэ Iуэхугъуэхэмрэ едэIуэнущ, апхуэдэу хуимыту наркотикхэр зэблэзыгъэкIхэм ятеухуа хъыбархэр Iахынущ.

Акцэм и къызэгъэпэщакIуэм - КъБР-м щыIэ МВД-м наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъ и управленэм - фигу къегъэкIыж хабзэм къемызэгъыу а щхъухьхэр зэрагъакIуэу гу лъыфтэмэ, акцэр щекIуэкIыну махуэхэм я мызакъуэу, сыт щыгъуэ зэмани хъыбар евгъащIэ зэрыхъунур.

Дэтхэнэ зыри нахуэуи щэхууи псалъэу наркотик щхъухьхэр хуимыту зезыгъакIуэхэм, наркотикхэр хэIущIыIу зыщI интернет-сайтхэм, апхуэдэу ахэр зэрызэIэпах щIыкIэм ятеухуа хъыбархэр КъБР-м щыIэ МВД-м щылажьэ (8662) 49-50-62 «дзыхь зыхуащI телефонымкIэ» е дежурнэ частым и (8662) 40-49-10 телефонымкIэ жраIэ хъунущ. Зы хъыбари гулъытэншэ ящIынукъым.

***КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.***

• Фэеплъ

# ЛIыгъэ щIапIэм итахэр

**Ипщэ фронтым и 130-нэ шуудзэм и 70-нэ полкым хэта Бэджыдэ Мухьэжид и Iыхьлыхэм иджыблагъэ Шэджэм районым и щIыпIэ администрацэм щратыжащ абы СССР-м и къэрал дамыгъэхэу къыхуагъэфэщауэ щытахэр.**

ИЛЪЭС блыщIым щIигъу дэкIа нэужьщ зауэлIым зэрихьа лIыгъэр абы и унагъуэм къыщащIар. Мухьэжид къыхуагъэфэщат ещанэ нагъыщэ зиIэ ЩIыхь орденыр, «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалыр.

ЗэIущIэм хэтащ Шэджэм районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ ТекIушэ Артур, щIыпIэ самоуправленэм и Советым и унафэщI Уэдыжь Хьэсанш, Шэджэм районым и дзэ комиссар Мысрокъуэ Ахьмэд, мы Iуэхур зи фIыщIэ Нэхущ Ахьмэд, Бэджыдэ лъэпкъым, ветеран зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, еджакIуэхэр.

- Бэджыдэ Мухьэжид зауэлIым и хьэл-щэн нэхъыфIхэр хэлъу зэуапIэм Iутащ, ар хахуэу, Хэкум хуэпэжу щытащи, дэри ди къалэнщ Хэкур зыхъумахэм я цIэр тщIэну, я фэеплъым пщIэ хуэтщIыну. Бэджыдэр щапхъэщ, ди щIэблэр абы и лIыгъэм щIэтпIыкIын хуейщ. КъэлъыхъуакIуэ гупхэм фIыщIэ яхуэсщIынут, я лэжьыгъэ гугъум зэрытемызашэм папщIэ. Ди зэманым мыхьэнэшхуэ иIэщ абыхэм ящIэм, - жиIащ ТекIушэ Артур.

Къэлъыхъуак Iуэ Нэхущ Ахьмэд тепсэлъыхьащ Бэджыдэ Мухьэжид къикIуа зауэ гъуэгуанэм. Мысрокъуэ Ахьмэд щIалэгъуалэр къыхуриджащ я адэшхуэхэм я хахуагъэр зыщамыгъэгъупщэну. Дамыгъэ лъапIэхэр а махуэм иратыжащ Бэджыдэ Мухьэжид и къуэ Хъусен. Бэджыдэхэ къабгъэдэкIыу, лъэпкъым я нэхъыжь Сэлэдулэ къэлъыхъуакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ Iэрыпщэ Борисрэ Бэджыдэ Михаилрэ. ЕджакIуэхэр Хэку зауэшхуэм теухуа усэхэм урысыбзэкIи адыгэбзэкIи къеджащ, абыхэм ящыщ зыт районым ЩэнхабзэмкIэ и управленэм и къудамэм и унафэщI Мамрэш Аслъэн Бэджыдэ Мухьэжид и фэеплъу иусари.

**КIАРЭ Элинэ**,
*Шэджэм районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*



# ЩIэпхъаджащIэр яукIащ

## Терроризмэм пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и хъыбарегъащIэ центрым къет

**Шынагъуэншагъэмк Iэ къулыкъущIапIэхэмрэ Къэрал кIуэцI IуэхущIапIэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм япкъ иткIэ, террорист щIэпхъаджагъэ зыщIахэм яхэта, IэщэкIэ зэщIэузэда щIалэр Бахъсэн къалэм ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэхэм ящыщ зым щIэсу хъыбар къаIэрыхьащ.**

УРЫСЕЙМ и ФСБ-м и спецназым Iэщэ зыIыгъ щIэпхъаджащIэм зыщигъэпщкIуа унэр къаухъуреихьащ. Террорист щIэпхъаджагъэ къэмыхъун, цIыхухэм зэран яхуэмыхъун папщIэ, Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ щIэпхъаджащIэр зэраубыдын Iуэхухэр, гъунэгъу унэхэм щIэсхэр къыщIагъэкIащ.

Хабзэм и хъумакIуэхэм щIэпхъаджащIэм Iэщэр игъэтIылъу къыщIэкIыну хуагъэува щхьэкIэ, къахэуэн щIидзащ. Зэхэуэр яублэри, ар яукIащ.

Терроризмэм пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и оперативнэ штабым къызэритамкIэ, Щохъужь Ахьмэд щIэпхъаджагъэ Iуэхухэм хэтащ, ар ящыщщ жэпуэгъуэм и 9-м Прохладнэ къалэм полицейхэр щызыукIахэм.

Зэхэуэр щекIуэкIа щIыпIэм Iэщэрэ шэрэ къыщагъуэтащ.

Хабзэхъумэхэми къуажэдэсхэми уIэгъэ хъуа яхэткъым.

# Мы махуэхэм

**ЩэкIуэгъуэм и 12,** *щэбэт*

♦**Пневмонием (тхьэмбыл узыфэм) ебэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и ХъумапIэ банкым и лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Азербайджан Республикэм и Конституцэм и махуэщ**
♦**1472 гъэм** Урысеймрэ ГербыщIэр - щхьитI зыфIэт бгъэр зытетыр - къащтащ.
♦**1982 гъэм** КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу хахащ Андропов Юрий.
♦**1986 гъэм** Москва къыщызэрагъэпэщащ СССР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондыр (иджыпсту Урысейм ЩэнхабзэмкIэ и фондырщ).
♦Совет, урысей актрисэ, уэрэджыIакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Гурченкэ Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Пианисткэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Бэрсокъуэ Еленэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, философием и доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, томий хъу «Адыгэ тхыдэ щIэнгъуазэр» хьэрыпыбзэкIэ къыдэзыгъэкIа **Бацэжь (Мамсыр) Мухьэмэд-Хьер** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦Къэрал къулыкъущIэ, УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Мень Михаил** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 13, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 13,** *тхьэмахуэ*

♦**Нэфхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм радиацэм, химическэ, биологическэ Iэщэхэм защыхъумэным тегъэпсыхьа и дзэхэм я махуэщ**
♦**1758 гъэм** Москва и лъабжьэр щагъэтIылъащ Япэ медицинэ институтым (иджыпсту Сеченов И. М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт медицинэ академиерщ).
♦**1851 гъэм** Москварэ Санкт-Петербургрэ зэпызыщIэ Николаевскэ (иджы Октябрьскэ) гъущI гъуэгур ятащ.
♦**1918 гъэм** Рязань къалэм къыщызэрагъэпэщащ хьэуа-десантыдзэхэм я унафэщIхэр щрагъэджэну училищэр.
♦АР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Адыгэ Республикэм и Гербыр зыщIа **Мерэтыкъуэ Долэт** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.
♦ЗэдзэкIакIуэ, радиожурналист **Мэремкъул Ларисэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 14,** *блыщхьэ*

♦**Фошыгъу диабетым ебэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и социологхэм я махуэщ**
♦**1666 гъэм** дунейм щыяпэу лъы хакIауэ щытащ. Ар зы хьэм къыхашри, нэгъуэщI хьэм хакIат.
♦**1851 гъэм** Санкт-Петербург - Москва гъущI гъуэгум цIыху къезышэкI мафIэгу япэу ирикIуащ.
♦**1936 гъэм** Москва къыщызэрагъэпэщащ дунейм и щытыкIэнум кIэлъыплъ институт нэхъыщхьэр.
♦**1956 гъэм** КПСС-м и обкомым щытепсэлъыхьащ Къэбэрдейр Урысейм езым фIэфIу зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум зэрызыхуагъэхьэзыр щIыкIэм. Доклад зыщIар обкомым и секретарь Бэрбэч ХьэтIутIэщ.
♦ТхакIуэ **Къашыргъэ ХьэпащIэ** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.
♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ефэнды Джылахъстэн** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.
♦УхуакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Алмэ Алий** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къэрмокъуэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Гугъуэт Заремэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 11, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Уи Iуэху гъэфIи, IэфI уащыхъунщ.**



Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ

●ГушыIэ

## Ар хьэлу къыпхуэнэнщи...

Хъуэжэ и шы пэхужьыр щIищIэри, къалэм кIуэну ежьащ. Куэдрэ кIуа, мащIэрэ кIуа, зы псы шэд гуэрым щикIым шыр зыщIэувыIыкIри, етхауэу щIидзащ. «Но-о!» - жиIэри хъуакъым. Аргуэру «но-о!» жиIэри хъуакъым. ЧнутIкIэ фIыуэ иубэрэжьащ, арщхьэкIэ етхауэ фIэкIа шым зигъэхъейртэкъым.

- Ей, си шы пэхужь мыгъуэ, ар хьэлу къыпхуэнэнщи, уэри абы утекIуэдэжынщ, итIанэ уигу сыкъэгъэкIыж! – жиIэри, Хъуэжэ и чнутIыжьыр шым жьэхидзэжщ, гури шыри абдеж къыщинэри, езыр лъэсу къалэм кIуащ.

КъыщыкIуэжым, Хъуэжэ шыр къызыщинам бгъэдыхьэрэ еплъмэ, шы пэхужьым и къупщхьэм фIэкIа зыри игъуэтыжакъым - ар дыгъужьхэм яшхат. Хъуэжэ шым и къупщхьэм зыхуигъазэри жиIащ:

- БжесIатэкъэ а уи хьэлыжьым узэрытекIуэдэжынур!

**МАХУЭ Iэлисэхь.**

# Дахэм блэр гъуэм къреш

**Хъыбар**

Сэри сыщыхьэтIохъуэщыкъуейкIэ, ХьэтIохъуэщыкъуей хъыбар гуэрхэри щыстхыжкIэ, си гушыIэ тIэкIуи мыбы хэзгъэхьэкIэ емыкIу хъуну къыщIэкIынкъым.

- Щи-и... Дзэ узщ зи гугъу сщIынур. Абы нэхъ гушыIэ зыхэмызэгъэн щыIэ, зэрыжыфIэнури сощIэ, итIани... Дзэ уз къайгъэ сиIэтэкъым сэ. Илъэс хыщIым сыщIигъуами, си зы дзи зэрымыхъеяр си ныбжьэгъухэм ягъэщIагъуэрт, итIани къызэхъуапсэрт, къызэфыгъуэ гуэри къахэкIырт, «уэлэхьи, ар игъащIэкIэ жьы мыхъун...» къысхужаIэу. Пэжу, ар жызыIэр сэ нэхърэ нэхъыщIэми, нэхъыжьыфэ къытеуат, ауэ абы щхьэусыгъуэ иIэт - нэрыгъ хуэхъуауэ хьэл Iей хэлът. Ар нэгъуэщI псалъэмакъщ. Сэ зи гугъу сщIынур дзэ уз Iуэхущ.

Дзэ узкIи уеджэнкъым си Iуэхум. Си зы дзэщхьэл, гъуанэ хъуати, пщтыри щIыи езэгъыжыртэкъым. АтIэ, перестройкэ, жаIэу къыщIадзэу къыттракъутэжа мы дуней къэлыдам пщтыри щIыIи къыхэмыхуэу хуабэ защIэ дэнэ къипхынт? Дохутырым сыкIуэн хуей хъуащ. Нэгъаби зы дзэщхьэл ку гъуанэ езгъэдыжауэ и пIалъэ сщIэрт сэ мы Iуэхум. Абы щыгъуэ, насып сиIэти, Тхьэ сIуакъым дзэ дохутыр деж афIэкIа сымыкIуэжыну. Ауэ си дзэ ку гъуанэр къыщрахъукIым си нэвагъуэр зэрыслъагъужар сщыгъупщэжатэкъым, сызэрагъэкIияри сыбзыщIыжат.

КIэщIу жыпIэмэ, дзэ егъэхъуэным си щхьэфэцыр игъэтэджырт. Абы ищIыIужкIэ, сэ сыкъызрихьэлIари плъагъуркъэ. СызытрагъэтIысхьа шэнтиуэм и гупэкIэ къитым тес лIышхуэр и дзэр зыхъуэ дохутыр фыз цIыкIум игъэгызырт. Нэгъабэ сагъэлъагъужа си нэвагъуэм хуэдэ иджы абы ирагъэлъагъужу къыщIэкIынут.

СыздэдаIуэм зэхызох:

- Умыдзыхэ, - жи дохутыр цIыхубз цIыкIум.

- Уэ сыбогъалIэ мыгъуэри, си шыпхъу цIыкIу, - мэгурым модрейри.

- Илъэс тIощI мэхъу дзэ зэрызугъуэнри, зыри сIэщIэлIакъым, си дэлъхушхуэ.

- Ахэм...

- Ахэм я дзэри ууейм хуэдэ дыдэу къупщхьэт, зэрызугъуэнари мы бру дыдэрщ, - жери цIыхубз цIыкIум IэщIэлъ кIапсэ кIапэр лIышхуэм хуегъэпIий.

- Сэ мыгъуэ...

- Уэ мыгъуэ улIыдзыхэшхуэщи аращ, - ар жиIэурэ, мыдэкIэ къыщысхэм нащхьэ къахуищIу пыгуфIыкIри, цIыхубз цIыкIум лIышхуэр игъэгызу щIидзэжащ.

Сэри, «япэщIыкIэ тIэкIу сепэщэщынщи, итIанэ дзэ ку гъуанэр здыжынщ», жиIэу сызытригъэтIысхьа шэнтиуэм зизудыгъуащ, си чэзур къыщысынум си щхьэфэцыр хуэтэджу.

Гызыным зэ тегъуэхъухьыжа лIышхуэм, и дзэр тэмэм дыдэу ядыжауэ къыщытэджыжым, зэрыдзыхар хигъэгъуэщэж щIыкIэу жиIащ:

- Си нэвагъуэ мыгъуэр сыбгъэлъагъужаи, си шыпхъу цIыкIу.

- КхъыIэ, гуфIэ, вагъуэбэ уэдмыгъэлъагъуу нэвагъуэкIэ узэрызэфIэкIам щхьэкIэ.

- Уи лIым нышэдибэ укъигъэгубжьа мыгъуэмэ, сэ сыт си лажьэ? - жи зигу къызэрыгъуэтыжа лIышхуэм.

- Ей, фэ лIы дзыхэжьхэри!.. Зэзакъуэ нэхъ мыхъуми, лъхуапIэ унэм фашамэ, итIанэ дыкъэфщIэнт, - жиIэри дохутыр цIыхубз гушыIэрей цIыкIур адрей пэшым щIэлъэдэжащ. ЛIышхуэм, мыбы нэгъуэщI зыгуэри зэхызимыгъэх щIыкIэ, жиIагъэнщ, и напэр иубыдыжри и щхьэр щIихыжащ.

«Мо лIышхуэр мо цIыхубз цIыкIум апхуэдизу щигъэгызакIэ, сэ икIи сылIышхуэкъым, мы къысщхьэщыт фызышхуэм дауэ сыкъелыну пIэрэ? Сэра хъунщ иджы вагъуэбэр зрагъэлъагъунур», - жысIэу сыздэгузавэм, си щхьэм гурыфIыгъуэ тIэкIу къищхьэрыуащ. Езым сыкъимыщIыхужми, мы дохутыр цIыхубз хэкIуэтар сэ сцIыхурт. Ар ди къуажэ нысэт. Къыщашэм и унэишэ къепхъыхым ахъшэ IэмыщIэ къыщысщыпат, и IурыцIэлъыр яфIэзыхьа зауэ нэужь щIалэ цIыкIум сахэтат. Зауэм орденыбгъэу къикIыжа Назирт ар къэзышар. ХьэгъуэлIыгъуэм щыжаIа нэгъунэ сигу къэкIыжащ: «Назир и дзэ мыузым иригъэIэзэурэ, хъыджэбз тхьэIухуд къишащ...» Иужьым къыджьэдэнэжауэ щIалэ цIыкIухэм зэпэддзыжу жытIэу щытащ: «Дзэ мыузым иригъэIэзэурэ...»

Пэж дыдэу, апхуэдэут ХьэтIохъуэщыкъуей Ипщэ щыщ лейтенант щIалэм ХьэтIохъуэщыкъуей Ищхъэрэм щыщ дзэ дохутыр хъыджэбз дахэр къызэришар.

- Си дзэр мэуз, - жиIэри Назир зэхъуэпса хъыджэбз дахэм хуэкIуащ.

Шэнтиуэм иригъэтIысхьэри, щIалэм и жьэ кIуэцIыр хъыджэбзым зэпиплъыхьащ:

- Тхьэ, уи дзэхэм лажьэ яIэу сымылъагъу, дэтхэнэра узыр, щIалэ?

- Сигуращ узыр.

- АтIэ гу узым еIэзэ дохутырым деж кIуэ. Си деж щхьэ укъэкIуа?

- Сэ уэращ сэбэп къысхуэхъунур.

- Ар дауэ? Уигу узу къыщIэкIынкъым уэ.

- Мэуз. ЩIэузри, сэ сыкъанэу нэгъуэщIым уишэмэ, жери аращ...

Илъэс щэ ныкъуэ ипэкIэ екIуэкIа хьэгъуэлIыгъуэр, зейхэм ящыгъупщэжар сигу къэзыгъэкIыжа дохутыр фыз хэкIуэтам си дзэм епэщэщын еухри, дыжыным зыхуигъэхьэзырурэ жиIащ:

- АтIэ, уэри укIиину нетIрей лIы дзыхэшхуэм хуэдэу?

- Сэ сынэхъ цIыкIущи, нэхъ цIыкIуу сыкIиинщ.

- Сыту хъуми, укIиинущ, жоIэ?

- Хьэуэ. ХьэтIохъуэщыкъуей кIийуэ плъэгъуа уэ?!

- Сэ слъэгъуа ХьэтIохъуэщыкъуейр кIийртэкъым, - жиIэри иджыри къэс дохутыр къызэрыгуэкIыу къысхущыта цIыхубзыр къысхуэгуфIащ.

Си щхьэкIэ сыкъимыцIыхужми, си цIэкIэ сыкъищIэу къызжиIащи, си гур согъэфI. Ауэ, итIани, си гум щIыIэ-щIыIэу илъщ, мыбы сыкъыщIыхьэным сыпэплъэу сыздэщысым лIы гуэрым жиIар: «Нэхъыбэрэ лэжьакIэ пщIэнукъым дзэ дохутырым и Iуэхур. Iэзэм и мызакъуэу, гущIэгъунши мэхъу. УзэримыгъэлIэнур ящIэри, мо фэжьIужь хуэхъужахэр къыпщысхьыркъым. ИтIанэ, плани ятелъщи, мыпIащIэу хъуркъым...» Арат сэри кIииным хуэхьэзыру мыбы сыкъыщIыщIыхьар...

Сытми, си жьэ зэтешам гъущIыпэ жанымкIэ лъэкIыху дэтIыхьауэ, иджы убруун щIэзыдзэну си дохутырыр нэхъ щабэ къызэрыхъуам сыкъегъэгушхуэри, псоми зэхахыу жызоIэ:

- Мы ди ХьэтIохъуэщыкъуей нысэ дохутырым куэд щIауэ фыдолажьэ, ауэ фэ фщIэуэ пIэрэ зауэ нэужь зэманым абы нэхъ хъыджэбз дахэ, езыр икIи дзэ дохутыру, Къэбэрдей псом зэримысар? Я дзэ мыузым ирагъэIэзэну щIалэхэр къыхуэкIуэрт. АтIэ, зэвгъащIэ, ар къэзышэфауэ щытари ХьэтIохъуэщыкъуей щIалэщ.

Си дзэ дохутырым и IитIыр и напэм Iуилъхьащ. Абы къыдэплъ и нитIыр къигуфIыкIыу къысхуеплъыхырт. Уэсу къетхъуха абы и щхьэцымрэ зауэ нэужь нысащIэ дахэм и щхьэц ухуэна фIыцIэмрэ яку дэлъ илъэс тхущI гъуэгуанэр зыхуэдэ псор сэ дэнэ щысщIэн. Ауэ нетIрей лIышхуэр зыгъэкIия дохутыр цIыхубз цIыкIум жиIари мащIэкъым:

- Мис апхуэдэ щытхъу къыпхужаIэри аращ уэ, жьы ухъуами, умытIысыжу дэ нэхърэ нэхъыфIу ущIэлэжьэфыр. Си Iуэхут нетIрей лIышхуэри кIийтэмэ, апхуэдэу къысщыт хъуамэ.

Зи гуфIэ нэпсыр къытелъэда дохутыр цIыхубз хэкIуэтам си дзэ ку гъуанэр куэдрэ кърихъукIащ а махуэм. Мыузами е узу зысшыIами, сщIэркъым. Ауэ сыкIиякъым, уеблэмэ сыщэIуакъым. Дахэм блэр гъуэм къреш, щIыжаIэжари, дауи, апхуэдэ зыгуэрщ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд.**

● Жыжьэ - гъунэгъу


«Адыгэ псалъэ», «Советская молодёжь» газетхэм я тхьэмадэхэу ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ Къардэн Мухьэмэдрэ Черкесск къалэм щаIущIащ уэрэджыIакIуэ-уэрэдус цIэрыIуэ Щауэ Тимур.
*2005 гъэ.*

● Псалъэжьхэр

## ХьэщIэм насып къыдокIуэ

- ♦**Зы лIым щэ укъигъапцIэмэ, уделэщ, зы мащэм щэ уихуэмэ, унэфщ.**
- ♦**Гур здэплъэм уи Iэр лъоIэс.**
- ♦**Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаIэщ.**
- ♦**ХьэщIэм насып къыдокIуэ.**
- ♦**УщIалэмэ, щIалэ хуэдэу щыт, удадэмэ, дадэ хуэдэу щыт.**
- ♦**Гугъэр адэ щIэиныфIщ.**
- ♦**Псыр псэхэлъхьэжщ.**
- ♦**ГуфIэгъуэрэ гуIэгъуэрэ зимыIэн щыIэкъым.**
- ♦**ЦIыхухэр нэгукIэ зэрызэмыщхьым хуэдэу, ягукIи зэщхькъым.**
- ♦**Насыпыншэ щыIэми, гугъэншэ щыIэкъым.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. ХьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэ. **7**. Блэ ... аркъэным щощтэ. **8**. Гъатхэр къызэрихьэу жыгхэм ... иратащ. **9**. Щхьэгъубжэм Iуалъхьэ щэкI. **10**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ художник. **11**. Жыжьэр гъунэгъуу уэзыгъэлъагъу. **12**. Шы къэпщIэнтIам къыщхьэщых бахъэ. **14**. Махъсымэм щIэтIысыкIар. **15**. ... вы бжьакъуэм къокI. **16**. Егъэлеяуэ пшэр, зэпэхъурей. **17**. Члисэм фIэлъ уэзджынэшхуэ. **21**. Удзым къыпокIэ: хъуа нэужь хъурей-гъуэплъыфэщ. ЦIыхум яшх. **22**. Хьэм, нэгъуэщI псэущхьэхэм я щIыфэм хищIэ хьэпIацIэ. **25**. Джэгум хэт щIалэм ... хуищIащ игу ирихьа хъыджэбзым. **27**. АбыкIэ бдзэжьей къаубыд. **28**. Уафэм къех мыл тыкъыр цIыкIу. **29**. Зиусхьэн лъэпкъ. **30**. УнафэщIым и ... къызигъэзэри, къулыкъукIэ сыдригъэкIуэтеящ. **31**. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал театрым и джэгуакIуэ пажэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ. **33**. ХеящIэ, ефэндыхэм я нэхъыжь. **35**. Фадэ гуащIэ. **37**. Зи Iуэ ит нэхърэ - зи ... ит. **38**. Зи нэхэм фIыуэ ямылъагъу. **39**. Макъ цIу зыгъэIу, пкIэлъэуэ къэзыкIухь псэущхьэ цIыкIу.

***Къехыу:*** **1**. Школым щадж предмет. **2**. Совет Союзым и ЛIыхъужь Иуан ... **3**. Уэс зэратхъу. **4**. ХэкIуэтауэ ящI нэмэз. **6**. Нарт лIыхъужь. **I3**. Пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь цIыкIу къызыпыкIэ жыг. **14**. ГъэшхэкI. **17**. Уи ... еплъи, уи лъэр укъуэдий. **18**. Пасэрей Iэщэ. **19**. Мэ дахэ къызыхих ткIуаткIуэ. **20**. Гу кIуэм ... къыкIэреуд. **23**. Жэщ-махуэм и зы Iыхьэ. **24**. ХадэхэкI. **26**. Пшынауэ цIэрыIуэ, гъэсакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист. **31**. Къыкъуэуууэрэ къепщэ жьы. **32**. МафIэр ину дэлыдеймэ, къыпех. **34**. Осетинхэр къызытехъукIа лъэпкъ. **36**. Джэдкъазым ятет цы щабэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**



● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## Щэ чыржын

Нартыху хужь хьэжыгъэр тепщэчышхуэм иракIутэ, абы шыгъу тIэкIу зыхэлъ псывэ хакIэурэ бэлагъкIэ япщ. Бахъэ пщтырыр ягъакIуэ. Абы гуэдз хьэжыгъэ ираудурэ хупцIынэр япщ, и щхьэр трапIэри, IэфI къыщIыхьэн щхьэкIэ сыхьэти 8 - 10-кIэ щIыIапIэм ягъэув. Хьэзыр хъуа хупцIынэм щэ гъэвэжахуэ ущэба хакIутэри, фIыуэ хапщэж. А хупцIынэм къыхахыурэ чыржын яупIэпI, и Iувагъыр см 3 - 3,5-рэ, и хьэлъагъыр г 180 - 200 хуэдиз хъууэрэ. ХупцIынэр къыщыгуахкIэ Iэхэр псы щIыIэм хащIэ.

Апхуэдэурэ щIа чыржынхэр тхъу е кIапэ дагъэ зыщыхуа тебэм иралъхьэ зэлъэмыIэсыщэурэ, и щхьэр трапIэжри, жьэгукIэ е хьэкулъэкIэ ягъажьэ, тхъуэплъ дахэ хъуху. Чыржын жьам дагъэ къыщIэжу, мэ дахэ къыхихыу, щабэу щытын хуейщ. Iэнэм пщтыру трагъэувэ. Шэ хуабэ гъусэ хуащI. Хуабжьу ерыскъы къэуатщ, зи тхьэмбыл узхэм я дежкIи сэбэпщ.

***Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ):***
Нартыху хьэжыгъэу - г 300
Гуэдз хьэжыгъэу - г 40
Псывэу - г 500
КIапэ жьахуэу - г 150-рэ
Тхъуэ е кIапэ дагъэу - г 30
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз

## ШэкIэ щIэгъэва хугу IэфI

Хугур зэхадзри, псы хуабэкIэ ялъэс, псы къэкъуалъэм хакIутэ, шыгъу тIэкIу хадзэри, зэIащIэурэ, тхъурымбэр къытрахыурэ ныкъуэвэ ящI, шэ гъэпщта щIакIэри, мафIэ щабэм тету зэзэмызэ зэIащIэурэ хьэзыр хъуху, ягъавэ. Къытрахыжри, и щхьэр тепIауэ дакъикъитхухыкIэ щагъэт. ТхъуцIынэрэ фошыгъурэ хэлъу Iэнэм трагъэувэ. ЩIакхъуэ е лэкъум и гъусэу пщтыру яшх.

***Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ):***
Хугуу - г 250-рэ
Псыуэ - г 125-рэ
Шэуэ - г 500
ТхъуцIынэу - г 25-рэ
Фошыгъуу - г 15
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

● Зы уэрэдым и хъыбар

# Уи цIэр Мадинэ, хьэмэ Маринэ?

УсакIуэ Гъубжокъуэ Лиуан ящыщщ зи къалэмыпэм усэ купщIафIэ куэд къыщIэкIахэм. Дауи, абыхэм гу лъамытэу къэнакъым ди композиторхэми.

Нобэ зи гугъу тщIыну уэрэдым и псалъэр 1962 гъэм Гъубжокъуэм итхащ. Усэм макъамэ щIилъхьащ композитор Къардэн Хьэсэн.

Уэрэдым и хъыбарыр зэзгъэщIэну сэ зыхуэзгъэзащ Лиуан и щхьэгъусэ Гъубжокъуэ Ритэ.

- Мы уэрэдыр щатхам сэ Лиуан гъусэ сыхуэхъуну си пщIыхьэпIи къыхэхуэртэкъым, - жиIащ Ритэ.

Уэрэдыр япэу зыгъэзэщIар КIуж Борисщ. Абы ар гум дыхьэу зэрыжиIарагъэнщ дзапэ уэрэду цIыхубэм къащIыхуэнари.

**КIУНТIЫЩ - ХЬЭПЦIЭ Аннэ.**

**Зи ныбжьэгъу пэжыр зыфIэкIуэдауэ,**
**Сэ къуажи къали къызощ.**
**Махуэл симыIэу укъызолъыхъуэ,**
**Сыщыпхуэзэнур дапщэщ?**

*Ежьу:*

**Хэтхэ узипхъур,**
**Хэт узишыпхъур,**
**Сэ си насып зыхэлъ?**
**Уи цIэр Мадинэ,**
**Хьэмэ Маринэ?**
**Зэ закъуэ уэ къысхукъуэплъ.**

**НэкIукIэ зэкIужрэ хьэлкIэ гущыкIыу**
**Тетщ хъыджэбз Iэджэ дунейм,**
**Ахэм ящыщу укъыщIэкIыну,**
**Си тIасэ, сэ сыхуэмей.**

*Ежьу*

**Уэ укъэзгъуэтмэ, гъэмахуэ розэу**
**Мы си гум зызэIуихынщ,**
**ИгъащIэ псокIэ сыарэзыуэ**
**Гум и IункIыбзэр уэстынщ.**

*Ежьу*

**Уи гум сэр папщIэ илъу зы хъуаскIэ**
**Уэ зыкъэзгъащIэ къудей,**
**Сыарэзыщ сэ зэхэдублэнкIэ**
**Ди хьэгъуэлIыгъуэр пщэдей.**

● **Щэ**кIуэгъуэм и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу:*** **7**. КIэрахъуэ. **8**. Шордакъ. **10**. Дурэш. **12**. Джей. **13**. ЩIэр. **15**. Ныш. **17**. Щхьэпс. **18**. Хьет. **21**. Уз. **22**. Дыхьэгъ. **23**. Тхъу. **26**. Ибэ. **27**. Хьэзаб. **29**. Сом. **30**. НэфI. **32**. ЦIэр. **33**. УнэIут. **36**. Енисей. **38**. Къамышы.

***Къехыу:*** **1**. АкIэ. **2**. Аргъуей. **3**. Пхъу. **4**. Бо. **5**. АдрыщI. **6**. Пкъы. **9**. УриIуэхутхьэбзащIэщ. **10**. Даущ. **11**. Шыпс. **12**. Джанэ. **14**. Ротэ. **16**. Шыбзыхъуэ. **18**. Хьэнтхъупс. **19**. Гъудэ. **20**. Ягъэ. **24**. Къиин. **25**. Умар. **27**. Хьэлу. **28**. Бинт. **31**. ФIарий. **32**. ЦIывыр. **34**. Бел. **35**. Шыд. **37**. Егъу. **38**. Акъ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Багъэтыр Луизэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.414 ● Заказ №1716